

Deklarasyon Kad Lyezon Entè-òganizasyon (CLIO) sou kriz imanitè an Ayiti

Pòtoprens, 19 mas 2024

Depi yon pakèt lane, pèp ayisyen ap viv nan laperèz, chak jou pi plis yap pèdi dwa yo ak kondisyon pou yo viv. Enstabilite sosyo-politik ki la depi lontan, met sou sa kriz sekirite ki genyen kounyea, lakoz depèdisyon tout pouwva piblik yo epi retire tout dwa pou moun viv kòmsadwa. Kriz sa a lage popilasyon an nan yon ensekirite jeneral ki pote kidnapin, asasina ak vyolans seksyèl ki baze sou jan. Daprè Nasyonzini, gen plis pase [5,5 milyon](#) Ayisyen ki nan gwo bezwen èd imanitè (èd pou moun) ak pwoteksyon. Ladan yo [4,35 milyon](#) pa ka jwenn manje ditou. CLIO pataje solidarite 1 san fay ak pèp ayisyen an, epi fè konnen jan li gen gwo kè sote parapò ak zak vyolans yo k ap ogmante pi plis depi 29 fevriye 2024 la.

Clio temwen monte vag vyolans lan yon lòt fwa ankò ki lage popilasyon an nan gwo latwoublay espesyalman kominitote kriz sekirite sa yo plis frape nan Pòtoprens ak zòn sou kote li yo. Plis pase 15,000 moun, majorite te deja ap viv nan kan ki pa te fèt pou sa ditou, te oblige kite abri sa yo. Vyolans lan anpeche plizyè santèn lekòl fonksyone, epi lakoz lopital nan kapital yo oblige fèmen pòt yo oubyen diminye sou sèvis ijan yo paske pa gen ase pèsonèl ak materyèl. [Organizasyon Entènasyonal pou Migrasyon \(OIM\)](#) estime gen 362 000 kantite moun ki deplase andedan peyi a, gen 180 000 timoun ladan yo.

Plis pase 150 000 moun ki deplase yo se fanm yo fòse abandone kay yo pou al viv nan kondisyon difisil anpil. Kè nou ap dechire lè nou konnen soufrans ak risk moun sa yo ki tou vilnerab ap fè fas kare, kote yo pa jwenn sèvis preliminè yo tankou manje ak swen sante. Dènye frap yo ak sèn vyolans yo rive afekte menm espas pou moun resevwa asistans, sa a ki oblige kèk ajans ak òganisayon travay nan move kondisyon sekirite epi ki riske. Òganizasyon Nasyonal ak Entènasyonal manm CLIO yo pa bese bra, yo kontinye asiste nan fason yo kapab kominote ki vilnerab kriz la afekte nan pòtoprens ak lòt rejon nan peyi a.

Nan sikonstans malouk sila a ak deteryorasyon san kontwòl sitiyasyon sekirite a, CLIO mande pou gen yon asistans rapid ki sèten epi ki pap afekte moun yo ki deja nan difikilte yo. Asistans sa a enpòtan anpil pou ede diminye risk pwoteksyon epi konble bezwen preliminè moun ki pi ekspoze yo. Nou mande otorite leta yo fè diliijans pou rive retabli lòd epi fini ak gwo maswife popilasyon an a p viv. CLIO mande san pèdi tan :

- 1- Manyen vrè koz kriz la pou garanti otonomizasyon lokal epi ki dirab :** Yo dwe oryante Finansman entènasyonal yo yon fason pou rive mete devan lojik Trip Neksis la (Imanitè- developman ak Lapè) pandan operasyon yo, konsa y a kontribiye pou gen stabilite sou yon tan ki long. Pa egzanp yo dwe

Kreye depi 2005, Clio se yon asosyasyon ki regroupe 80 organizasyon nasyonal ak entènasyonal kap opere an Ayiti. Clio se yon organizasyon non likratif, apolitik epi non confesyonèl kap goumen pou solidarite, ekite, transparans ak efikasite nan jesyon resous yo. Anrasinen nan otomomi, Clio ap goumen pou yon soyete sivil ayisyèn responsab et ki angaje aktivman nan developman ekitab, dirab bò kote akté piblik ak prive yo.

Kontak:

Angeline Annesteus, Direktris ActionAid Ayiti, Prezident CLIO

Imel: angeline.annesteus@actionaid.org

Kwanli Kladstrup, Direktris Concern Worldwide Ayiti, Vis-Prezident CLIO

Imel: kwanli.kladstrup@concern.net

Deklarasyon Kad Lyezon Entè-òganizasyon (CLIO) sou kriz imanitè an Ayiti

Pòtoprens, 19 mas 2024

asire yo èd ki pral bay pou kriz la pa vin kraze pi plis agrikiliti peyi a. Fòk yo ankouraje tou metòd nouvo, jan y ap adpate epi fè pwomosyon pou novo apwòch ak teknoloji ak patenarya san fòs kote.

- 2- **Garanti epi pwoteje espas imanitè:** Pou fè fas kare ak pwoblèm pwoteksyon epi rezoud bezwen fondamantal moun ki pi ekspoze yo li esansyèl pou yo ba yo aksè prese prese epi ki p ap antravave popilasyon kriz la touche yo. Li enpòtan anpil pou n reflechi plis sou prensip imanitè yo tankou endependans ak netralite selon filozofi Neksis la (Imanitè- devlopman ak Lapè) epi travay pou pwoteje tout moun, fanm ak tifi kont lòt fòm vyolans yo ak deplasman fòse yo oblige yo fè.
- 3- **Valorize resous lokal yo:** Li enpòtan pou n pèmet òganizasyon Ayisyen yo jwenn finansman tout bon vre epi enplike yo yon fason aktif nan rezoud pwoblèm yo nan valorize konpetans lokal yo, òganizasyon komunitè yo ak enstitisyon piblik ki nan reyion yo. Pa egzanp fòk pledwari fèt pou bon jan distribisyon lajan fèt nan lokalite yo, oubyen pou fason pou moun yo jwenn finansman kapab senp epi adapte ak bezwen òganizasyon lokal yo ni tou organizasyon fanm ak jèn yo.
- 4- **Ranfòse kòdinasyon:** Li fondamantal pou nou bay pwoesisis kòdinasyon ant aktè yo jarèt, ni tou plizyè gwoup ajans yo tankou nasyonzini, donatè yo, ONG yo, ak sèvis leta yo yon fason pou rezoud pi byen bezwen popilasyon an. Fòk pa egzanp nou ranfòse reprezentasyon òganizasyon lokal yo nan espas kote dezisyon yo ap pran nan lide pou ranfòse pawòl kominate ki afekte yo, prezans yo ak patisipasyon yo nan pote solisyon pou rezoud pwoblèm yo.

Nan moman latwoublay ak gwo enstabilite ekonomik, finansyè, sekirité ak sosyal an Ayiti, CLIO renouvele solidarite l san fay bay pèp ayisyen an. Nou rete detèmine pou n kontinye gwo efò yo nan bon kòdinasyon sere sere ak tout aktè yo pou n ka pote bon jan èd imanitè pou popilasyon ki nan gwo bezwen an. Ayiti ak pèp li a ki gen anpil rezistans, merite viv nan diyite lapè ak sekirite.



Angeline ANNESTEUS
Prezidant CLIO

Kreye depi 2005, Clio se yon asosyasyon ki regroupe 80 organizasyon nasyonal ak entènasyonal kap opere an Ayiti. Clio se yon organizasyon non likratif, apolitik epi non confesyonèl kap goumen pou solidarite, ekite, transparans ak efikasite nan jesyon resous yo. Anrasinen nan otonomi, Clio ap goumen pou yon soyete sivil ayisyèn responsab et ki angaje aktivman nan devlopman ekitab, dirab bò kote akté piblik ak prive yo.

Kontak:

Angeline Annesteus, Direktris ActionAid Ayiti, Prezidant CLIO

Imel: angeline.annesteus@actionaid.org

Kwanli Kladstrup, Direktris Concern Worldwide Ayiti, Vis-Prezidant CLIO

Imel: kwanli.kladstrup@concern.net